

Ann esplore evanjelizasyon atravè medya sosyal

Bwochi pou patisipan yo

Entènèt se yon nouvo kontèks li ye pou misyonè yo, se yon kote moun kab devlope anpil relasyon ak lòt moun. Bondye deja ap travay pamì nou sou rezo yo, li la nan medya sosyal yo, sou entènèt la pi plis dejouanjou pou li kapab konekte moun youn ak lòt epi ak sa ki sen. Ti pwogram ki fèt nan yon fowòm byen kout la fèt pou li prepare moun òdinè pou yo pratike evanjelizasyon sou entènèt.

Pratik espirityèl pou evanjelizasyon

N ap chache Jezi, n ap rele non li, epi n ap selebre prezans li ak renmen li a nan istwa tout moun ap rakonte—epi nou envite yo vin dekouvri yon bagay **ANPLIS**.

Etidye labib

Yon pasaj nan liv Travay Apot yo 1:8: “Men, Lesentespri a va desann sou nou, n a resevwa pouvwa. Lè sa, n a sèvi m temwen nan Jerizalèm, nan tout Peyi Jide epi nan tout Peyi Samari, jouk nan dènye bout latè.”

- Ki sa ki frape w plis nan tèks la?
- Ki sa ki pi fè kè w kontan oubyen ki fè w mal alèz nan tèks sa a?
- Ki defi tèks sa a ban nou?

Aktivite pou afiche yon foto

Sonje ki dènye fwa ou te afiche yon foto sou medya sosyal yo:

- Ki sa ou te afiche?
- Ki kote w te ye?
- Ak ki aparèy ou te sèvi pou w te afiche li (telefòn, òdinatè, eksetera)?
- Sou ki sit ou te afiche li? (Instagram, Facebook, etc.)
- Poutèt ki sa ou te deside fè sa?
- Ki rezulta ou te jwenn?

Diskite repons nou yo nan ti gwoup. Apre sa pataje sa nan gwoup ki pi laj, tou depan si sa w n ap afiche a gen pou l wè ak CHACHE JEZIKRI, MANSYONE NON JEZIKRI, SELEBRE JEZIKRI oubyen ANKOURAJE MOUN VIN KONN JEZIKRI.

Aktivite Achiv

Nan ti gwoup ou a, analize aktivite ki konn genyen selon istwa legliz ou a: batèm, konfirmasyon, benediksyon biling, selebrasyon nouvo ministè, premye jou lekòl biblik nan vakans, eksetera. Fè gwoup ou a vin ak yon afich pou medya sosyal gras ak foto sa yo. Reflechi sou kesyon sa yo:

- Èske ou sonje moman sa yo nan istwa legliz ou a?
- Kilès ki te la?
- Ki odè ou te pran?
- Kouman ou te santi w?
- Ki rad ki te sou wou epi ki rad ki te sou lòt moun yo?
- Ki sa ou te espere ki tap rive jou sa a?
- Ki sa jou sa a oubyen ki sa aktivite sa a te vle di pou wou?

Aprann plis nan sit sa a www.episcopalchurch.org/evangelismtoolkit
oubyen www.episcopalchurch.org/digitalevangelism.

Aktivite pou w fè lakay ou: Yon lide pou yon afich

Sèvi ak espas sa a pou w kapab anvizaje premye afich evanjelizasyon dijital.

Ki kote w ap afiche l? (sèke tout sa ki apwopriye)

Facebook Instagram Twitter Personal Blog Other

Nan ki kategori afich ou a ye pami sa a yo? (sèke youn)

Chache Jezikri Rele non Jezikri Selebre Jezikri Fè envitasyon

Ki sa ou pral ekri?

Ki foto oubyen ki videyo ou kab mete ladann?

Ki lè w ap afiche l?

Aji: Difize an dirèk

Afiche omwen yon Mesaj evanjelik dijital semèn sa a.

Refleksyon: Kouman sa te pase?

Sèvi ak espas ki anba a, reflechi sou espryans ou te fè lè afiche mesaj ou a. Èske espryans sa a diferan de lòt espryans kon sa ou konn fè deja? Nan ki fason? Ki jan w te santi w lè w afiche mesaj sa a? Èske Evanjelizasyon dijital se yon bagay w ap kontinye fè? Pou ki sa? Pou ki pa?

Èske ou vle fouye pi fon?

Men kèk lòt fason ou kapab fè Evanjelizasyon dijital:

- **Pwomnad Priyè dijital:** Chache sit medya sosyal nan kominote w la oubyen nan enstitisyon ki tou pre w la (Tankou: lòt kominote relije, lekòl, lopital, bibliyotèk, òganizasyon sivil, eksetera). Chache kote ou jwenn prezans Jezikri nan sa moun pataje epi di kote w jwenn yo: priye pou yo dapre sa yo afiche. Epi si sa touche ou, fè yo konnen w ap panse a yo/w ap priye pou yo, fè kèk kòmantè epi voye *like* pou yo, eks.
- **Suiv yon Episkopalyen sou medya sosyal:** Chache yon Episkopalyen oswa yon gwoup pou w suiv sou medya sosyal. Pataje sa yo afiche ak moun ou konnen pou yo kab wè epi koute plis moun ki Episkopalyen k ap mennen aksyon.
- **Mete yon gwoup dyalòg an liny sou pye:** Rasanble lòt moun nan pawas ou a pou yo pran pa nan yon prezantasyon edikatif sou entènèt tankou yo fè nan ChurchNext ak lòt gwoup. Epi rankontre an liny pou nou pale.
- **Chache epi priye:** Chache sit “#Episcopal” nan diferan platfòm yo epi priye pou sa ou wè yo afiche yo. Si se yon bon bagay kite yon kòmantè oubyen di sa w renmen nan bagay sa a kòm yon ankourajman.
- **#throwbackthursday:** Patisipe nan yon #throwbackthursday nan kongregasyon w lan, afiche foto selebrasyon nan legliz la ou te pi prefere a, oubyen òganize aktivite konpetitif ki kab kouvri tout legliz la epi prezante pi bèl foto yo te pran nan sèvis yo pou yon dimanch.
- **Rete an kontak:** Tcheke ak lòt moun ki te patisipe nan fowòm evanjelizasyon dijital la epi konpare nòt ak yo, esperyans nou te fè ak refleksyon nou te fè.

Sit wèb ki kab ede w:

<https://twitter.com/iamepiscopalians>

<https://www.facebook.com/episcopalians>

<https://www.instagram.com/theepiscopalchurch>

Sit wèb legliz ou a:
